

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Kecap rundayan nyaéta wangun kecap rékaan anu geus ngalaman prosés ngararangkénan (*afiksasi*). Rarangkén dina basa Sunda téh ngawengku rarangkén hareup, rarangkén tengah, rarangkén tukang, rarangkén barung, jeung rarangkén gabung.

Dina carpon karya pinunjul Pasanggiri Nulis Carpon, kapaluruh aya 30 wangun kecap rundayan, nyaéta rarangkén 1) di-, 2) ka-, 3) sa-, 4) N-, 5) ti-, 6) –ar-, 7) –um-, 8) –na, 9) –keun, 10) –an, 11) –eun, 12) –(n)ing, 13) ka—an, 14) pang—na, 15) sa—na, 16) sa—eun, 17) pi—eun, 18) pika—eun, 19) pa—an, 20) di- + -keun, 21) di- + -an, 22) N- + -keun, 23) N- + -an, 24) N- + -ar-, 25) pika-. 26) N- + -na, 27) –um- + -na, 28) di- + -keun + -na, 29) di- + -na, jeung 30) ka- + -eun. Éta adegan kecap téh mibanda pola anu mangrupa rarangkén jeung kecap dasar. Kecap dasarna ogé bisa mangrupa kecap barang, kecap pagawéan, kecap sipat, kecap bilangan, atawa kecap pancén.

Fungsi ngararangkénan ngawengku fungsi infléktif jeung fungsi dérivatif. Fungsi infléktif nyaéta fungsi rarangkén anu teu ngarobah warna kecapna sabada dirarangkénan. Ari fungsi dérivatif mah nyaéta fungsi rarangkén anu ngarobah warna kecapna sabada dirarangkénan. Fungsi anu panglobana digunakeun dina carpon karya pinunjul Pasanggiri Nulis Carpon téh nyaéta fungsi infléktif verba dina 18 rarangkén.

Harti ngararangkénan téh asup kana harti gramatikal. Harti gramatikal nyaéta harti anu muncul balukar tepungna unsur-unsur gramatik saperti morfém jeung morfém dina hiji wangun kecap. Dina carpon karya pinunjul Pasanggiri Nulis Carpon, kapaluruh aya 53 harti ngararangkénan: 1) ‘nudahkeun’, 2) ‘hal nu patali jeung D’, 3) ‘milik’, 4) ‘hal nu di-D-keun’, 5) ‘hal anu jadi D’, 6) ‘tempat’, 7) ‘hal nu lumangsung’, 8) ‘hal nu di-D’, 9) ‘jama’, 10) ‘sangkan di-D’, 11) ‘dijieun jadi ka-D’, 12) ‘kakeunaan pagawéan D’, 13) ‘ngalakukeun D kalawan inténsif’, 14) ‘jadi D’, 15) ‘nuju di-(D)-keun’, 16) ‘dibéré D’, 17) ‘dina kaayaan D’, 18) ‘ngalakukeun D’, 19) ‘méré D’, 20) ‘nepikeun D’, 21) ‘dijieun jadi D’, 22)

Sari Nursalam, 2023

KECAP RUNDAYAN DINA CARPON KARYA PINUNJUL PASANGGIRI NULIS CARPON PIKEUN  
ALTERNATIF BAHAN AJAR ASPÉK KABASAAN DI SMP (*Ulukan Adegan, Fungsi, jeung Harti*)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

‘dijadikeun D’, 23) ‘bisa di-D-(keun)’, 24) ‘nyieun jadi D’, 25) ‘sababaraha kali ngalakukeun D’, 26) ‘ngalakukeun D (pikeun)’, 27) ‘meunang D’, 28) ‘ngalakukeun (ku, di, dina) D’, 29) ‘kalakuan teu dihaja’, 30) ‘sangkan dilakukeun D’, 31) ‘méré D (ka)’, 32) ‘nganggap D’, 33) ‘lumaku jadi D’, 34) ‘ngajadikeun D’, 35) ‘dijadikeun ka-D’, 36) ‘ngahasilkeun D’, 37) ‘(jadi) ngarasa D’, 38) ‘paling’, 39) ‘kakeunaan’, 40) ‘biasa/boga bakat D’, 41) ‘sarua/hiji D’, 42) ‘nyababkeun D’, 43) ‘rada’, 44) ‘saluyu jeung D’, 45) ‘bisa di-D-an’, 46) ‘waktu’, 47) ‘cara’, 48) ‘watesan’, 49) ‘kamungkinan’, 50) ‘jumlah’, 51) ‘panyindek’, 52) ‘hiji’, jeung 53) ‘diwangun ku D’.

Alternatif bahan ajar aspék kabasaan kecap rundayan dina pangajaran Aprésiasi Carpon di SMP téh ditujukeun pikeun siswa kelas VIII. Salasahiji carpon dijadikeun bahan bacaan. Tuluy, dijieun pedaran ngeunaan kecap rundayan nu aya patalina jeung kecap-kecap dina carpon. Pamungkas, dijieun évaluasi mangrupa latihan soal pikeun peserta didik.

## 5.2 Implikasi

Ieu hasil panalungtikan boga mangpaat pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina prosés morfologis, hususna perkara afiksasi atawa ngararangkénan. Tina ieu panalungtikan ogé leuwih nyoko kana lingkup pangajaran basa di SMP. Ari dina ieu hal mah larap dina pangajaran carpon. Biasana matéri kecap rundayan pikeun peserta didik téh dibahas perhiji rarangkén. Dina ieu panalungtikan, panulis nyoba midangkeun matéri kecap rundayan sacara gembler kalawan harepan peserta didik bisa mikaweruh konsép kecap rundayan umumna.

## 5.3 Rékoméndasi

Patali jeung ieu panalungtikan, aya sababaraha hal anu perlu dirékoméndasikeun, di antarana

1. Ieu panalungtikan téh nyoko kana sumber data tina ragam basa tinulis mangrupa carpon, mungkin perlu panalungtikan séjén perkara kecap rundayan tina sumber data mangrupa ragam basa lisan anu ditranskripsi.
2. Réa rarangkén anu can asup kana buku tata basa Sunda. Ku kituna, perlu midangkeun rupa-rupa rarangkén anyar dina déskripsi buku Tata Basa Sunda anu leuwih anyar.

Sari Nursalam, 2023

*KECAP RUNDAYAN DINA CARPON KARYA PINUNJUL PASANGGIRI NULIS CARPON PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR ASPÉK KABASAAN DI SMP (Ulukan Adegan, Fungsi, jeung Harti)*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu